## 3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 1-чу занятин конспект

**Тема:** Мотт таллархой: керлачу дешнийн дошам

**Iалашо:** дошамийн тайпанаш карладахар, дошамна йукъадало дезаш долу дешнаш дийцаре дар, дошам кечйарехь практически болх бар, зеделларг вовшашца довзийтар, маххадор.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йешначу/ладоьгIначу текстан буха тIехь барта а, йозанца а цхьалхе жамIаш дан; текстера хаамаш бакъхилар таллархьама дошаман статьях пайдаэца хаар.
- **Кхиаран:** йукъадиллинчу масалца догIуш, йешначу говзарх барта а, йозанан доцца хетарг кечдан хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** адамийн йукъаметтигийн зеделларг довзар, къинхетам, безам, догдикалла гайтар карадерзор.

**ГIирс:** тайп-тайпана дошамаш, тексташ, бес-бесара къоламаш, кехаташ (дошам йан), тукар, линейка, степлер, скрепкаш.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Iалашо:** хIоранна а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар, вайн дахарехь дешнийн маьIнех льацна жимма къамел дIадахьар. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар. | Коммуникативни: ладогIар а, Iаморан тIедиллархкхетар а.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг ша-шех вовшахтоха хаар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара** | 5 мин | Хаттар ло: «Муьлха тамашийна йа самукъане дешнаш | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло, | Барта аларан метод: къамел, дийцаре дар. | Регулятивни: ша-шен маххадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **хаарш карладахар.**<br><br>**Іалашо:** дешархой дечу гІуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | | хезна шуна тІаьхьарчу хенахь?» Уьш дийцаре кхойкху.<br><br>Бераш, дошам хІун йу аьлла хета шуна?<br><br>Дийца, муха кхета шу французийн йаздархочун Анатолий Франсан дешнех: «Дошам – иза алфавитан рогІаллехь дІанисдина Іалам ду».<br><br>ДІайеша тема, муха кхета шу цунах? ХІун дийр ду аьлла хета шуна вай тахана?<br><br>Дошам – алфавитан рогІаллехь гулдина дешнаш, шайна тІехь маьІна а, тидар а, йа кхечу матте гочдар а долуш. Вайн меттан дуккха а дошамаш йу. Ткъа вай вешан | къамелехь дакъалоцу. | | Личностни: кхуллу Іаморна мотиваци. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | довзар дIадолор ду кхетош-кхиоран дошамашца.<br><br>Дошамах маьIнийн а олу, хIунда аьлча цо цхьа дош кхечу дашца гочдина ца Iаш, царна муьтIахь долчу дешнийн а, кхетамийн а маьIнин деталаш туьду, йовзуьйту.<br><br>Вайн меттан уггар а йевзаш йолу дошамаш йу Мациев Ахьмадан нохчийн-оьрсийн дошам а, Нохчийн меттан нийсайаздаран йоккха дошам а.<br><br><br> | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | |  | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Іалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | Коьрта материал йовзуьйту: шен дешнийн хазна керлачу дешнашца хьалдолуш хилар мел мехала ду дуьйцу.<br><br>Дошамца болх баран памятка.<br><br>Кейс 1. Дошам тІехь дош лахаран алгоритм кхолла.<br><br>Жоп:<br><br>1. Деша дош.<br>2. Къастаде муьлхачу элпаца | Цара дешнаш хоржу, тобанашца болх бо. | Практически (тобанашкахь болх бар), Гайтаран (керла дешнаш экран тІехь гайтар). | Коммуникативни: тобанехь болх бар, шена хетарг довзийтар.<br><br>Познавательни: хааман анализ йан а, жамІ дан а хаар.<br><br>Регулятивни: тІедиллар кхочушдар вовшахтохар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | долало и дош.<br>3. Чулацаман таблицехь схьалаха муьлхачу агІон тІехь ду и элп.<br><br>Текстаца болх: Хьехархочо йоьшу текст. Бераш, стенах лаьцна ду хІара дийцар? КЪИНХЕТАМАХ ДУ. Аш муха дийр дара оцу дешан маьІна? Къинхетам - уггар хьалха иза къахетар ду, кхечуьнан гІайгІанах хало хилар, синтемах хазахетар хила хаар ду. Кхечу адамех къинхетам бан хаар хІора стагана делла дац. Масала, цхьаъ, урамехь доьлхуш бер гича, тІехволуш ву, ткъа важа, саца а сецна, хІун хилла хоьттуш, гІо дан гІертар ву. Ткъа вайн дийцаран | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | турпалхочо муха гойту къинхетам? (цIергахь йогуш зу а гой, цунах къа а хетий, цу йукъера иза схьа а йоккхий, цунна сагатдеш, дарба лоьхуш хуьлу).<br><br>Къинхетам бохучу дешан маьIна йаздойту, иштта, дийцарера цадевза дешнаш схьа а лохуьйтуш, церан маьIна дIайаздойту. ТIедиллар кховдадо: билгалйинчу текстера керла дешнаш схьа а эцна, церан маьIна лаха хьовса дошамах пайда а оьцуш. | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса жоьпаш дала а, | 2 мин | Берашка шайна девзинчу керлачу дешнех ойла йойту, царех дахарехь муха пайдаэца мегар ду а хотту. | Цара жамI до, керла дешнаш дийцаре до. | Барта (къамел). | Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг дийцар а, и бакъдар а, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар.<br><br>Коммуникативни: хаам нийса тIеэцар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | | | | | |
| **Рефлекси**<br><br>**Іалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор. | 1 мин | Хаттарш ло:<br><br>"ХIун керланиг хии шуна хIокху дарсехь?<br><br>Муьлха дош дагахь лаьттар ду шуна уггар а чIогIа?" | Хаттаршна жоьпаш ло | Барта (рефлексин гIоьнца жамI дар). | Регулятивни: шен гIуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Іамийнарг системе хIоттор, йукъарадаккхар, жамІаш дар.<br><br>Коммуникативни: барта шен ойла нийса йийца хаар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала хаар. |

***ЙУХХЕДИЛЛАР №1***

**Дошам хIоттош пайдаэца мега методически приемаш**

**« Тийна дошам »**

Хьехархочо йа «хьалхаволучу» дешархочо, вист ца хуьлуш, амма шера балдаш хьийзош, олу дошамера цхьа дош. Вукху бераша дош схьаала хьовсу, тIаккха тийна-таьIна йуха а «олуш», дIайаздо, комментареш а йеш. Оцу тайпана балхо комментари йеш йаздаран говзалла кхиайо, иза чIогIа мехала ду муьлххачу а йозанан балха тIехь, ткъа къаьсттина диктанташ йазйеш, беро тийна олуш йаздечу хенахь. ГIалаташ лахло, къаьсттина элпаш дIадахарца йа хийцарца доьзна долу.

**«Телеграмм»**

Техникин методически гӀортор: хьехархочо берашка телеграмма дӀасайаржор тӀедуьллу, амма телеграф тӀехь технологин халонаш хилар бахьана долуш дешнийн терахь лахдан дезар ду, маьӀна а ца хуьйцуш. Дешархошна кховдадо фразеологически цхьаьнакхетарш йукъахь долу текст.

**«Фразеологически цхьаьнакхетарийн галерея»**

Техникин методически гӀортор: дешархоша дика йевзаш йолу фразеологически цхьаьнакхетарш гойтуш сурташ йа коллажаш хӀиттайо, уьш классехь гойтуш, вовшашка фразеологически цхьаьнакхетаралла хаийтар тӀедуьллу. Гайтаман жамӀашна тӀе а тевжаш, фразеологически цхьаьнакхетарийн альбом кхуллу.

**Билггалчу темина нийсайаздаран дошамаш хӀиттор**

Том 10 - 15 дашах льтташ. Дошамийн теманаш тайп-тайпана хила тарло:

**1) суна дукхадезачу дешнийн дошам**

**2) оьздачу дешнийн дошам**

**3) спортан дошам**

**4) ишколан дошам**

**5) хазачу дешнийн дошам**

**6) ловзочу хӀуманийн дошам.**

**3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цӀе йолчу урокел арахьарчу гӀуллакхан 2-чу занятин конспект**

**Тема:** Мотт таллархой: керлачу дешнийн дошам

**Іалашо:** дошамийн тайпанаш карладахар, дошамна йукъадало дезаш долу дешнаш дийцаре дар, дошам кечйарехь практически болх бар, зеделларг вовшашца довзийтар, маххадор.

**Іалашонаш:**

- **Дешаран:** йешначу/ладоьгІначу текстан буха тІехь барта а, йозанца а цхьалхе жамІаш дан; текстера хаамаш бакъхилар таллархьама дошаман статьях пайдаэца хаар.
- **Кхиаран:** йукъадиллинчу масалца догІуш, йешначу говзарх барта а, йозанан доцца хетарг кечдан хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** адамийн йукъаметтигийн зеделларг довзар, къинхетам, безам, догдикалла гайтар карадерзор.

**ГІирс:** тайп-тайпана дошамаш, тексташ, бес-бесара къоламаш, кехаташ (дошам йан), тукар, линейка, степлер, скрепкаш.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гІуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Іалашо:** хІораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тІебогІучу балхана кечбар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар, дарсана кийча хилар толлуш.<br><br>Тема а, Іалашо а йовзийтар. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни: ладогІар а, Іаморан тІедилларх кхетар а.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг ша-шех вовшахтоха хаар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш** | 5 мин | Бераш, тахана вай чІогІа самукъане хІума дийр ду – вешан дошам | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло | Барта (къамел, дийцаре дар). | Регулятивни: ша-шен маххадор, хьехархочун тІедиллар кхочушдар вовшахтохар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **карладахар .**<br><br>**Iалашо:** дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | | кхолла хьовсур ду вай. Стенна оьшу вайна дошам? (Берийн жоьпашка ладогIа). Дошам йеккъа цхьа книга йац, иза маттах лаьцна хаарийн хазна йу. Цо гIо до вайна керлачу дешнех кхета а, церан схьадовлар Iамо а, къамелехь царех нийса пайдаэца а. Девзаш доцу дешнаш а карор ду вайна, церан маьIна а девзар ду, уьш вешан дошам тIе дIайаздийр ду. | | | Личностни: кхуллу Iаморна мотиваци. |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Iалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 | 1.Девзаш доцу дешнаш лахар.<br><br>1.1. Хьехархочо дIасайоькъу тексташ.<br><br>1.2. Хьехархочо йоьшу текст.<br><br>2.Карийна дешнаш | Дешархоша тексташ йоьшу, шайна ца девзаш долу дешнаш буха сиз хьокху йа схьайаздо. | Барта (къамел), Практикин | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар; ладогIа а, кхечарех кхета а, хиламех, гIуллакхех хьайн ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: анализ йар.<br><br>Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | дийцаре дар.<br><br>Хьехархочо хьалхара хаттарш ло, бераш шаьш-шайна тексте хьаьжжана дешан маьIна къасто Iаморхьама.<br><br>3. Дешан маьIна къастор.<br><br>3.1.Дошам тIехь дешан маьIна лаха.<br><br>Масала: Йоллахь (ду), йоллахьаш (ду) – кагтуха. Дархо (ву, йу), дархой (бу) – цомгаш верг. ТаммагIа (ду), таммагIанаш (ду) – хьоькх.<br><br>3.2.Дешан маьIна дустар, тексте хьаьжжана.<br><br>3.3.Классехь дешан | Дешархоша болх бо дошамашца.<br><br>Дешархоша шаьш-шайна тетрадаш тIе | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | маьIна дийцаре дар.<br><br>4. Дошам тIехь болх бар.<br><br>Хьехархочо дуьйцу, дошаман статья муха хIоттайо:<br><br>Цкъа делахь, ша дош йаздо. ТIаккха цуьнан тидар (маьIна) даладо. Предложенехь и дош муха лела гойтуш долу масал тIетоха мегар ду.<br><br>5. Дешархоша кхин дIа а лоьху шайна ца девзаш долу дешнаш, церан маьIна къастош, дошамехь йаздинарг дIайаздеш. Дошам вовшахтосу, шайна хетачу басаршца и кеч а йо.<br><br>Хьехархочо гIо до. | дIайазйо дошаман статьяш.(дешнаш) | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе** | 2 мин | Дешархоша гойту | Хьехархочо бохург | Барта (къамел). | Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **дерзор а.**<br><br>**Іалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | | шайн дошамаш.<br><br>Хьехархочо берашна тІедуьллу шайна девзина керла дешнаш дийцар.<br><br>Дешархойн белхан маххадор.<br><br>Хьехархочо баркалла боху царна цара бинчу балхана. | кхочушдо. | | хьехархочун тІедиллар кхочушдар вовшахтохар а.<br><br>Коммуникативни: хаам нийса тІеэца хаар. |
| **Рефлекси**<br><br>**Іалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | ХІун керла хаарш карадерзийна аш тахана?<br><br>Мичахь пайде хила мегар ду уьш?<br><br>Дошамех вайн доттагІ хІунда олу вай? | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (рефлексин гІоьнца жамІ дар). | Регулятивни: шен гІуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Іамийнарг къепе далор, йукъарадаккхар, жамІаш дар.<br><br>Коммуникативни: хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар. |

***ЙУХХЕДИЛЛАР №2***

**Тимбулатов Мовсар. 3У.**

Гуьйре. Къаьсттана гуьйренан хенахь хуьлу йуьртахойн дукххаболу белхаш. ТIера гIаш охьаэгна, цхьалха лаьттара дитташ. Йоьллахь а хьоькхуш, гIаш схьагулдеш йоллура нана. Ишколе вахана Муслим а цIа кхечира. Сихха бедарш а хийцина, йуург а йиъна, беша вахара иза. Даима а шен нанна гIо дора кIанта. Дерриге а гIаш тIегулдина, царах йоккха цIе тесира Муслима. Леррана, йогучу цIаре а хьоьжуш, ойланаш йеш лаьттара кIант. Исбаьхьа хуьлура йуьртахь гуьйренан сурт. ДIахьаьжча, бIаьрго схьа ма-лоццу, лалийна деши тIедиттича санна, можачу басца лепара хьаннаш. Гуобаькkхина, шайн чIагIаллица, кегий йарташ маракъевлина лаьттачу лаьмнаша кхин а совйоккхура Iаламан исбаьхьалла. Шозза кIорга лаьттах чудахана ду, боху Iилманчаша, и лаьмнаш. Цигара схьаолуш хила мега дайша: «лам санна, чIогIа, бIокъажор боцуш, вухур воцуш».

– Муслим! – ЦIеххьана хезначу ненан озо йукъара йехира кIентан ойланаш.

– ДIавадахь нанина, керта уллора йакъайелла лаьтта и йараш йогучу цIарга тIетасахь.

– Дика ду, нана, – олуш, шада схьа а эцна, ведда ваханчу Муслима, йараш йогучу цIарна йуккъе кхиссира. И йараш аьхка кертан шу цIанбеш мангалца хьаькхна йара. Шада а карахь, йуха а йогучу цIаре хьежа велира кIант. Жимма хан йалале, цхьа инзаре мохь хезира кхунна. Нана а йара, хуьлуш долчух ца кхеташ, леррана ладоьгIуш лаьтташ. И мохь хьоькхуш дерг бер ду йа экха ду хуур дацара. Муслим, и мохь мичара хеза ца хууш, кхин ойла а ца йеш, шада схьа а эцна, йараш дIасакхисса хIоьттира. Оцу цIергара кхуьнан шаданца йуьстаха кхоссайелира, шех летта цIе а йолуш, буьрка санна, горга зу. ЧIогIа воьхна хьийзара Муслим. Вахана ведар чохь хи деъна, цунна тIе хи туьйхира цуо. Шена тIе хи тоьхча, дIалачкъа гIерташ а йацара и, муххале а шен Iаьржа бIаьргаш кIанте а хьежош, IаддаIаш йара. Цуьнан цхьана агIон тIера кIохцалгаш дагийнера. Велхаран къурдаш а деш, берриг а бехк шен хеташ, чIогIа холчухIоьттинера кIант.

Малх чубуза герга бара. Муслима а, кхуьнан нанас а цхьацца дарбанаш лелийра лазийнчу зунна. РагIу кIелахь цунна меттиг а тойина, чудахара и шиъ. Цу буьйсанна набаран суй ца бира кIанта, сих-сиха дархочунна тIевоьдура иза. Иштта дIайелира буьйса.

ТIекхечира Iуьйре. Ведда, «ша йагийнчу» зунна тIевахара Муслим. КIант чIогIа цецвелира – кхуьнан дархо цигахь йацара.

Iа чекхдаллалц чIогIа сингаттаме вара Муслим. Зуьнах лаьцна тайп-тайпана жайнашкара а, интернетера а тамашийна хIумнаш дийшира цуо. Хетта а хиттира, шен хьехархошка а, баккхийчаьрга а. Муслимна хиира, зуьнаш чIогIа тIахъаьлла а, къардайна а хилар. Уьш, чехка йовдуш а, кхоссайала а, некадан а хууш йуйла ца хиънера цунна хIетталц. Цул сов, кIантана хиира, зуьнан итт эзар герга кIохцал хилар а, уьш, кхаа шарахь цкъа бен хийцалуш цахилар а. Дийцарехь, кIохцалгаша, зу кхерамах ларйина ца Iаш, Iай шелонах ларйалар а совдоккху. Уьш бахьана долуш, аккхарошна йуккъехула майрра дIасхьайоьлху зуьнаш. Шен зуьнах ойлайар совдаьллера кIентан. Цуо сатуьйсура, кхин цкъа шен дархочух бIаьрг тоха. ДоттагIашка а дийцира Муслима шех Iоттаделларг.

ТIекхечира хаза бIаьсте. Iалам, баьццара куз баржийна, хазделла дIахIоьттира. Шайна керла эшарш Iамийна, цIа даьхкира олхазарш. Цара хIора шарахь йохьура тайп-тайпана эшарш. Нахана и ца хаьара. Муслим санна, наггахь верг бен ца хуьлура церан тидам беш. КIантана чIогIа хазахетара цаьрга ладоьгIуш. Цхьамма мукъам дIаболийча, Муслимна оцу минотехь хаьара, и муьлха хьоза ду.

БIаьсте схьакхачарца дIадуьйладелира берийн ловзарш а. ХIора суьйранна гуллора кхеран кертахь буьрканах ловза бераш. Иштта цхьана суьйранна, хIорш буьрканах ловзуш а болуш, Муслимна бацалахь цхьа «шах» деш, буц лестош санна хийтира. Цигахь хIун йу хьажа тIеваханчу кхунна гира, цхьана агIон тIехь таммагIа а долуш, зу. КIант чIогIа цецвелира. Охьа а кхевдина, шен куьйга схьаийцира цуо и. Важа, горгйелла, буьрка хилла дIахIоьттира. Муслима шен дархо доттагIашна а дIагайтира. Массо а бер чIогIа тамаша беш, хьийсира цуьнан даьгначу кIохцалгашка: хьалха мехий санна, ира хилла кIохцалгаш, цхьана йуккъехь чучча а дахана, вовшах хьирчина дара. Бераш, кар-кара а оьцуш, шега хьийса дуьйладелча, зу а йара, шек йоцуш, шен хаза, Iаьржа ши бIаьрг берашка а хьежош, Iаш. Иштта хIора суьйранна шайн кертахь гора Муслимна тамашийна зу.

**3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 3-чу занятин конспект**

**Тема:** Суьрташ долу книга кхоллар.

**Iалашо:** Берашна киншкаш кечйаран а, иллюстрацин а бух бовзийтар; книгин дIахIоттам бовзийтар, иллюстрацеш таллар, композицица а, басарца а болх бар, шайн иллюстрацеш кхоллар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йешна-ладоьгIначу текстан чулацам барта а, йозанца а харжамца схьабийца хаар; текстехь пейзажан, интерьеран суртхIоттор лаха; жоп текстерчу масалшца тIечIагIдан хаар.
- **Кхиаран:** турпалхочун дешан а, суртгатйаран а портрет цхьаьнацадар гучудаккха хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** шен кхетаман синкIам, жигаралла, дIадолор, хIума довза лаар дешарехь ша гIуллакх дар кхиор.

**ГIирс:** тексташ, суьрташ, бес-бесара къоламаш, кортон, кехаташ, маркер, клей, скрепкаш, тай, линейка.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Iалашо:** хIоранна а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогIар, Iаморан тIедиллархкхетар.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтоха хаар. |
| **Коьртачу этапана** | 5 | Вайн дарсан Iалашо | Хьехархочуьнга | Барта (къамел). | Регулятивни: хьехархочун тIедиллар ша- |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>**Іалашо:** дешархой дечу гІуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | мин | йу йешначу текстех пайда а оьцуш, суьрташ долу книга кхоллар.<br><br>- Тахана вайн классехь, цхьана дарсана, «Суьртийн жайна» цІе йолу книгийн пхьалгІа хир йу. Оцу пхьалгІехь вайна девзар ду Ахмадов Мусас йаздина туьйра а, иштта, суьртийн книга кхолла а хьовсур ду вай. | ладугІу | | шех мах хадо а, кхочушдаран болх дІанисбан а хуур ду.<br><br>Личностни: кхоллало дешарна мотиваци.<br><br>Познавательни: шен хаарийн системехь лелар, дІабеллачу хаамашца догІуш долу шен гІуллакхийн план хІоттор.<br><br>Коммуникативни: лергаца хаам тІеэца, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала хаар. |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Іалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | - Книга кхолларехь муьлхачу корматаллин наха дакъалоцу?<br><br>* авторш; текст кхолла;<br><br>* корректорш; текст нисйан<br><br>* наборщикаш дІахІиттийна, | Хьехархочуьнга ладугІу, тІедахкарш кхочушдо, хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор, тІедиллар, маслаІат).<br><br>Практически (суьрташдаккхар, йоза, проектировани).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогІар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хІотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дІанисбан хаар, шайн белхан жамІийн маххадор.<br><br>Личностни: кхолларалин хьуьнарш, фантази кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | нисйина текст<br><br>* суртдиллархой; суьрташ, иллюстрацеш йан<br><br>* редакторш; нисйина текст толлуш, зорба тоха кечам бар<br><br>* коьрта редактор. дерриге а йуха а толлу, книга арахеца бакъо ло<br><br>- ХIун болх бо аш? Тобанашка бераш декъадолуьйту, шайна хазахетта цIераш а тохкуьйту тобанан.<br><br>- Шу хIинцале а кхолларaллин тобанашна декъаделла. Ткъа вай 2 (3-4) книга кхоллалур йу.<br><br>Муьлхачу дакъойх лаьтта книга? | Хаттаршна жоьпаш ло. | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | * тIехьара агIо (автор, сурт, арахоьцург)<br><br>* книжни блок (шаьш агIонаш)<br><br>- Книгаш йиний аш цкъа а? Вай вешан куьйгашца книга кхуллур йу. ХIун цIе туьллур йу вай вешан книгашна? (Берашка олуьйту ц1ераш).<br><br>1-ра агIо – вайн текстехь Iаламах лаьцна болчу хаамех хир йу. Тахана хьалхара агIо йан хьовсур ду вай, ткъа тIейогIучу занятехь йиссинарш а. (Хьехархочо йоьшу текст).<br><br>ТIедиллар: дIайеша текст. Текстехь Iалам гойтуш болу хаамаш билгалбаха, уьш книгин хьалхарчу агIонехь | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | сурт а дуьллуш билгалбаха. | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | Бераш. Вай тахана вайн суьртийн книгин цхьа агIо вовшахтуьйхи. ТIейогIучу занятехь шолгIа агIо йан хьовсур ду вай. Диц ма де, текстаца болх барехь, уггар коьртаниг – тидаме хилар ду. | Хьехархочуьнга ладугIу. | Барта (къамелан). | Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар а.<br><br>Коммуникативни: хаам нийса тIеэца хаар. |
| **Рефлекси**<br><br>**Iалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | - Бераш, кхочушдиний вай дагалаьцнарг?<br><br>- ХIун дара кхочушдан атта?<br><br>- Мичахь нисйелира шуна халонаш? | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (рефлексин гIоьнца жамI дар). | Регулятивни: шен гIуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Iамийнарг къепе далор, йукъарадаккхар, жамIаш дар.<br><br>Коммуникативни: хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар. |

**3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 4-чу занятин конспект**

**Тема:** Суьрташ долу книга кхоллар.

**Iалашо:** Берашна киншкаш кечйаран а, иллюстрацин а бух бовзийтар; книгин дIахIоттам бовзийтар, иллюстрацеш таллар, композицица а, басарца а болх бар, шайн иллюстрацеш кхоллар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йешна-ладоьгӀначу текстан чулацам барта а, йозанца а харжамца схьабийца хаар; текстехь турпалхойн суртхӀоттор лаха; жоп текстерчу масалшца тӀечӀагӀдан хаар.
- **Кхиаран:** турпалхочун дешан а, суртгатйаран а портрет цхьаьнацадар гучудаккха хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** шен кхетаман синкӀам, жигаралла, дӀадолор, хӀума довза лаар дешарехь ша гӀуллакх дар кхиор.

**ГӀирс:** тексташ, суьрташ, бес-бесара къоламаш, кортон, кехаташ, маркер, клей, скрепкаш, тай, линейка.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гӀуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Ӏалашо:** хӀораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тӀебогӀучу балхана кечбар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар, дарсана кийча хилар толлуш.<br><br>Тема а, Ӏалашо а йовзийтар. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогӀар, Ӏаморан тӀедилларх кхетар.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтоха хаар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар.**<br><br>**Ӏалашо:** дешархой дечу гӀуллакхашна кечбар, керла | 5 мин | Ахмадов Мусан «Цаьпцалган гӀаттам» цӀе йолу туьйра дагадаийтар.<br><br>Дагадоуьйту йаханчу урокехь туьйранех лаьцна дийцинарг, хӀотто йолийна йолу | Туьйра дагалацар, хаттаршна жоьпаш далар, кхидӀа а хила тарлучух лаьцна ойланаш йовзийтар. | Барта (къамел). | Регулятивни: хьехархочун тӀедиллар ша-шех мах хадо а, кхочушдаран болх дӀанисбан а хуур ду.<br><br>Личностни: кхоллало дешарна мотиваци.<br><br>Познавательни: шен хаарийн системехь лелар, дӀабеллачу хаамашца догӀуш долу |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| хаарш оьшуш хиларх кхетар | | суьртийн книга муьлхачу тIегIанехь йу хьажар. | | | шен гIуллакхийн план хIоттор.<br><br>Коммуникативни: лергаца хаам тIеэца, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала хаар. |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Iалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | ТIедиллар дуьйцу, белхан процесс тергалйо, гIо-накъосталла до, ойла кховдайо.<br><br>ТIедиллар кхочушдаран маьIна дар:<br><br>"Цаьпцалган гIаттам" туьйранна тIе а тевжаш, тахана вай вешан суьртийн книгин шолгIа дакъа кхочушдийр ду!<br><br>Шух хIораммо а туьйранера коьрта турпалхой гойтуш болу хаамаш билгал а бохуш, суьрташ хIиттор ду.<br><br>ХIора суртана кIел жима текст йазйийр йу вай, суьрта тIехь | ЛадугIу, хьехархочуьнан тIедахкарш кхочушдо.<br><br>Эпизод харжар, сурт дилла, текст йазйар, | Барта (кхетор, тIедиллар, маслаIат).<br><br>Практически (суьрташдахкар, йоза, проектировани).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогIар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хIотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дIанисбан хаар, шайн белхан жамIийн маххадор.<br><br>Личностни: кхоллараллин хьуьнарш, фантази кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | хуьлуш дерг дуьйцуш. ХIинца дIаболор бу вайн болх. | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | Бераш. Вай тахана вайн суьртийн книгийн шолгIа агIо вовшахтуьйхи. ТIейогIучу занятехь церан жамIаш дийр ду вай. | Хьехархочуьнга ладугIу. | Барта (къамелан) | Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар а.<br><br>Коммуникативни: хаам нийса тIеэцa хаар. |
| **Рефлекси**<br><br>**Iалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | - Бераш, кхочушдиний вай дагалаьцнарг?<br><br>- ХIун дара кхочушдан атта?<br><br>- Мичахь нисйелира шуна халонаш? | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (рефлексин гIоьнца жамI дар). | Регулятивни: шен гIуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Iамийнарг къепе далор, йукъарадаккхар, жамIаш дар.<br><br>Коммуникативни: хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала. |

**3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 5-чу занятин конспект**

**Тема:** Суьрташ долу книга кхоллар .

**Iалашо:** Берашна киншкаш кечйаран а, иллюстрацин а бух бовзийтар; книгин дIахIоттам бовзийтар, иллюстрацеш таллар, композицица а, басарца а болх бар, шайн иллюстрацеш кхоллар.

**Іалашонаш:**

- **Дешаран:** йешна-ладоьгІначу текстан чулацам барта а, йозанца а харжамца схьабийца хаар; текстехь пейзажан, интерьеран, турпалхойн суртхІоттор лаха; жоп текстерчу масалшца тІечІагІдан хаар.
- **Кхиаран:** турпалхочун дешан а, суртгатйаран а портрет цхьаьнацадар гучудаккха хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** шен кхетаман синкІам, жигаралла, дІадолор, хІума довза лаар дешарехь ша гІуллакх дар кхиор.

**ГІирс:** тексташ, суьрташ, бес-бесара къоламаш, кортон, кехаташ, маркер, клей, скрепкаш, тай, линейка.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гІуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Іалашо:** хІораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тІебогІучу балхана кечбар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар, дарсана кийча хилар толлуш.<br><br>Тема а, Іалашо а йовзийтар. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогІар а, Іаморан тІедилларх кхетар а.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтохар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>**Іалашо:** дешархой дечу гІуллакхашна кечбар, керла | 5 мин | Ахмадов Мусан «Цаьпцалган гІаттам» цІе йолу туьйра дагадаийтар.<br><br>Вай дийцаре до турпалхой а, коьрта хиламаш а.<br><br>Берашна туьйранан | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло | Барта (къамел). | Регулятивни: дозуш доцуш маххадор, хьехархочун тІедиллар кхочушдар вовшахтохар.<br><br>Личностни: кхуллу Іаморна мотиваци.<br><br>Познавательни: шайн хаарийн системехь лелар, дІабеллачу хаамашца догІуш долу гІуллакхийн план хІоттор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| хаарш оьшуш хиларх кхетар | | сюжет дагайоуьйту, турпалхойх а, хиламех а лаьцна къамеле бераш йукъаозош. | | | Коммуникативни: хаам тӀеэца а, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала а хаар. |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Iалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | Книги тӀехь болх бар:<br><br>Кехатан тептарш киншкин агӀонашна декъа (тептарш ах дӀасатоха мегар ду).<br><br>Иллюстраци йан эпизод харжар.<br><br>Къоламца сурт хӀотторан эскиз кхоллар.<br><br>Сурт басаршца/маркершца басаршца дӀайаздар.<br><br>Суьрташна кӀел текст йазйар.<br><br>ТӀеххьара дизайн:<br><br>Книгин цӀе кхоллар (масала, «ЦАЬПЦАЛГАН | ЛадугӀу, хьехархочуьнан тӀедахкарш кхочушдо.<br><br>ТӀеххьара дизайн хӀоттор, книга вовшахтохар. | Барта (кхетор, тӀедиллар, маслаӀат).<br><br>Практически (суьрташдахкар, йоза, проектировани).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогӀар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хӀотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дӀанисбан хаар, шайн белхан жамӀийн маххадор.<br><br>Личностни: кхоллараллин хьуьнарш, фантази кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | КЕРЛА ХИЛАМАШ», «ЦАЬПЦАЛГ А, ЦУЬНАН НАКЪОСТИЙ А»).<br><br>Книги тIехь сурт хIоттор.<br><br>Книга вовшахтохар:<br><br>Книгин агIонаш вовшашца чIагIйе (скрепкашца, тайца йа клейца). | | | |
| **ЖамIаш дар, хааарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хааарш карадерзор | 2 мин | Гайтам вовшахтохар а, книгаш йийцаре йар а.<br><br>Йинчу киншкашка хьожу.<br><br>Дика дIадаханчух а, кхин а дика дан мегар долчух а дийцаре до.<br><br>Книгийн гайтам. | Кхечеран белхаш толлуш, синхаамаш бовзийтар, шаьш бинчу белхан маххадор. | Барта (къамел). | Регулятивни: шен белхан жамIийн маххадор.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар, кхечуьнга ладогIа, кхета хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| **Рефлекси**<br><br>**Іалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | «Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цІен а, можа а, Іаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат - самукъадалар; цІен кехат - дог ца дар; Іаьржа кехат - дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).<br> | Хаттаршна жоьпаш далар, шайн синхаам бовзийтар. | Барта (рефлекси). | Регулятивни: шайн белхан маххадор.<br><br>Познавательни: шайн белхан анализ йан, жамІаш дан.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар. |

**ЙУХХЕДИЛЛАР №3**

Ахмадов Муса «Цаьпцалган гIаттам».

Баьццарниг цIе йолу жима цаьпцалг ладогIа лууш йацара шен дегий, неней. Кхин даккхий декхарш а ма дацара цара шайн берана тIедохккуш: кхоссайала Iамар, ховха буц къасто хаар, иза йаар, «цIир-цIир» бохуш эшарш лекхар а. Делахь а Баьццарчунна хала декхарш хийтира уьш. – Ас аш бохург цхьа а дийр дац. Со маьрша йу! Суна дуьне довза лаьа! Цу тIе даьлча, суна цаьпцалг хила а ца лаьа! – мохь хьоькхура жимчо. – Хьуна лаахь а, ца лаахь а, хьо цаьпцалг а хилла дуьнен чу йаьлла. Хьаштдоцург ма дийца, – элира дас. – Со маьрша йу! Суна ца лаьа шуьга ладегIа, – бацалахула дIахьаьдира Баьццарниг. Йоьдуш, йоьдуш, иза дуккха а зингатий долчу кхечира. Уьш хIора а цхьацца хIума йохьуш, шайн цхьа йоккха гIишло йеш дохкура. Кхунна лиира зингат хила. Зингатийн паччахьо хIумма а ца элира. Баьццарниг зингаташна йуккъе а хIоьттина, цаьрца нийсса къахьега йелира: чемхалг такхош, лаьттан цинц бохьуш. Амма цунна сихха кIордийра и болх. Йан йолийнчу гIишлонна уллехь дIатевжира иза. ЦIаьххьана, ша лаьттара хьала а айина, хьош хетаделира цунна. Охьахьаьжча, цунна гира, йалхийтта зингато аййина ша хьош. – ХIей! Аш хIун до? – мохь хьаькхира цо. Зингаташа охьакхоьссира иза. – Хьо дийна йара?! – цецдевлира зингатий. – Йелла моьттуш, тхайн гIишлонна йуккъе йахийта, дIахьош йара оха хьо. – Со хIунда леш йу? – реза йацара Баьццарниг. – Делча бен болх бечуьра совцуш дац тхо. Иштта ду тхан Iедал, – бохура зингаташа. – Шун Iедал суна мегар дац! Суна маршо йеза, – кхос-кхоссалуш, зингаташна гена йелира Баьццарниг. Дикка лийлира иза бацалхула йолайелла. КIадйелча, аркъал охьа а йижна, стигала хьежа йелира. Иштта Iуьллуш, цуьнан тидам хилира хIаваэхь хьийзачу накхармозийн. Царах хIора а, «зузз» олий, боьдий, цхьана зезага тIе хуура. ТIаккха, гIоттий, хьуьн чу дIабоьдура. – Шу муьлш ду? Аш лелорг хIун ду? – хаьттира царах цхьаьнга Баьццарчо. – Тхо накхармозий ду. Оха зазашна тIера, зезагашна тIера дургал гулйо. Цунах моз до цул тIаьхьа. И моз дIога хьуьн чуьрчу хари чу дIадуьллу, – дийцира цунна накхармозано. – Суна лаьа накхармоза хила, – аьлла, зезаган буьххье хиира Баьццарниг. Цо шен бат мел чIогIа зезагна тIетеIайарх, цхьа а мутт дацара бага кхочуш. ТIаккха накхармозано санна, «зузз» ала гIоьртира иза. ГIуллакх ца хилира. Баьццарчуьнан кийрара «цIир-цIир» боху аьзнаш девлира. Йуха, кхос-кхоссалуш, накхармозаша моз гулдечу, хара дечиг йолчу йахара Баьццарниг. Хари чохь дика дара. Даа шортта моз а дара, дIайижа меттиг а йара. Амма дукха йеха ца Iиллира иза цу чохь. ТIебеанчу цхьана беа мозано-хехочо чуьра аратесира иза, ши коггий,

кортий а лаьцна: – Хьо тIе ца кхетча а, тхан тхайн а йу моз дуу жуккарш, – олуш. Баьццарниг кхин дIа а йахара. Цхьана нехан керта йисте кхечира. Кертал чоьхьа, уьйтIахь цхьа йоккха котам йара, «къудкъуд» бохуш, лелаш, иттех можа кIорни шена тIаьхьа а хIоттийна. КIорнеша «цIипцIип» олура дуьхьал, лаьттах зIакарш а йетташ. Церан «цIип-цIип» Баьццарчо олучу «цIир-цIирах» чIогIа тера дара. Можа кIорни хила дагадеара Баьццарчунна. – ЦIир-цIир, – аьлла, кIорнешна тIаьхьа хIоьттира Баьццарниг. – Хьо хIун йу? – йусайелира котам. – ЦIир-цIир, со хьан цхьайтталгIа кIорни ду! – элира Баьццарчо. – КIорни ас дийр ду хьуна... хьох, хьаха, хир бу сан кIорнешна дика кхача, – чу хьаьдда зIок туьйхира котамо. Баьццарниг дIа а кхоссайелла, зIок лаьттах кхийтира. Йуха а чухьаьдира котам, йуха а кхоссайала кхиира Баьццарниг. – Мама! Дада! – мохь хьоькхуш, бацалахула дIахьаьдира иза. Дикка тIаьхьаидира цунна котам. Амма, кIорнеш шаьш а дитина, генайала ца хIуттуш, йухайирзира. Са бага а кхаьчна, шен дай, наний долчу дIакхечира Баьццарниг. Ша мел лелийнарг цаьрга дIадийцира цо. – «Маршо!.. Маршо!» – аьллачохь йиснера хьо. Маршо цхьана дозанашкахь бен хуьлуш йац! – дов дира цунна да-цаьпцалго. – Цаьпцалган маршо, зингатан, йа накхармозин, йа котаман маршо санна, хила йиш йац. Хьайн маршо, цаьпцалган чкъурахь а йуьсуш, лахахьа... Ца лахахь, хIаллакьхир йу хьо, – хьехар дира цунна нана-цаьпцалго.

1. **Iалам гойтуш болу хаамаш:** ховха буц къасто хаар, иза йаар, «цIир-цIир» бохуш эшарш лекхар а, Баьццарниг зингаташна йуккъе а хIоьттина, цаьрца нийсса къахьега йелира: чемхалг таккхош, лаьттан цинц бохьуш, Дикка лийлира иза бацалхула йолайелла. КIадйелча, аркъал охьа а йижна, стигала хьежа йелира, Царах хIора а, «зузз» олий, боьдий, цхьана зезага тIе хуура. ТIаккха, гIоттий, хьуьн чу дIабоьдура, Оха зазашна тIера, зезагашна тIера дургал гулйо.
2. **Коьрта турпалхой гойтуш болу хаамаш:** Баьццарниг цIе йолу жима цаьпцалг, зингатий долчу кхечира, зингатийн паччахь, хIаваэхь хьийзачу накхармозийн, йоккха котам йара иттех можа кIорни шена тIаьхьа а хIоттийна, дов дира цунна да-цаьпцалго.

**Масаллина гайта мега суьрташ:**







**3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 6-чу занятин конспект**

**Тема:** Текстехь бакъдерг билгалдар: «ХIаъ йа хIан-хIа?» ловзар

**Iалашо:**

**Iалашонаш:** Дийцаран чулацамах лаьцна хаттарш а луш, «ХIаъ йа ХIан-хIа» ловзар дIадахьар.

- **Дешаран:** йешна-ладоьгIначу текстан чулацам барта а, йозанца а харжамца схьабийца хаар; хаамаш бакъ йа харц хилар шайна йа хьехархочо йукъайиллинчу талламан кепан буха тIехь таллар.
- **Кхиаран:** текстан хиламийн вовшаца йолу зIе билгалйан хаар.

**Кхетош-кхиоран:** адамийн йукъаметтигийн зеделларг довзар, къинхетам, безам, догдикалла гайтар карадерзор;

**ГIирс:** тексташ, рефлексин суьрташ, бес-бесара къоламаш.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Iалашо:** хIоранннан а кийча хилар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар, дарсана кийча хилар толлуш.<br><br>Тема а, Iалашо а | Хьехархочуьнга маршалла хаттар. | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогIар а, Iаморан тIедиллархкхетар а.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтохар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | | йовзийтар.<br><br>Класс тобанашка йекъар. | | | |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>**Iалашо:** дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | 1. «ХIаъ йа ХIан-хIа?»: ловзаран бакъонаш йовзийтар.<br><br>ХIора тобанна текст а, цунах лаьцна хаттарш а кхочу. ХIора тобанна лерина хан йу хаттаршна жоьпаш лаха.<br><br>Тобанаша хаттаршна жоьпаш ло, тептар тIе дIа а йаздеш. Хан дIайаьлча, тобанаша шайн жоьпаш дIало. Хьехархочо жоьпаш толлуш, толамхой къастабо.<br><br>2. Хаттаршна а, жоьпашна а масалш далор. | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло | Барта (къамел). | Регулятивни: дозуш доцуш маххадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар.<br><br>Личностни: кхуллу Iаморна мотиваци.<br><br>Познавательни: шайн хаарийн системехь лелар, дIабеллачу хаамашца догIуш долу гIуллакхийн план хIоттор.<br><br>Коммуникативни: хаам тIеэца а, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала а хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | – Турпалхо мичахь вина бохучух лаьцна хаамаш буй текстехь?<br><br>– Турпалхочун маса шо ду бохучух лаьцна хаамаш буй текстехь?<br><br>– Иза вехачу меттигах лаьцна хаамаш буй текстехь?<br><br>3. Текстехь хаамаш сиха каро хаар мехала хиларх лаьцна дийцар.<br><br>4. ТIедиллар кхочушдаран масал гайтар (уьн тIехь).<br><br>– ХIаъ, текстехь хаамаш бу турпалхо мичахь вина дуьйцуш.<br><br>– ХIан-хIа, текстехь хаам бац турпалхочун маса шо ду бохучух | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | лаьцна.<br><br>– ХӀан-хӀа, текстехь ца йаздина иза мичахь вехаш ву. | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Іалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | ХӀинца вайн болх дӀаболор бу вай. Цкъа хьалха текст дӀайоьшу вай, цул тӀаьхьа ас шуна хаттарш ло, ткъа аш, «ХӀаъ йа ХӀан-хӀа» олий, жоп ло. Доьху тидаме хила, нийса жоьпаш схьа а лаха.<br><br>Хаттарш:<br><br>1.Шен денанна уллехь охьахиънарг БойсагӀар варий? (ХӀаъ)<br><br>2. Ма вуон кӀант ву иза, аьлла човхийрий бабас БойсагӀар? (ХӀан-хӀа)<br><br>3.Хьан локъамаш | Хьехархочун тӀедилларе ладогӀар а, кхочушдар а.<br><br>Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор, тӀедиллар, маслаӀат).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогӀар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хӀотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дӀанисбан хаар, шайн белхан жамӀийн маххадор.<br><br>Личностни: кхоллараллин хьуьнарш, фантази кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | суна ца йеза, элирий БойсагӀара бабега? (ХӀан-хӀа)<br><br>4. Сулим, Хьамзат, Муслим шайга «Ассаламу Ӏалайкум», аьлча хьала гӀевттира. (ХӀаъ)<br><br>5. Шайга тӀевеанчо салам делча хьалагӀаттар, иза ларам буй? (ХӀаъ)<br><br>6. Стаг дика а, оьзда а ца хилча а хьалагӀовтта дезий? (ХӀаъ)<br><br>7. – Хьайл баккхийчарна массарна а гӀатта веза. Цкъа хьалха маршалла хатта а деза, Ӏуьйре, де дика а деш. Нийса дуй иза? (ХӀаъ)<br><br>8. Хьайна тӀевеъна стаг тергал а ца веш, хьайн гӀуллакх | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | дан деза. Нийса бохий ас? (ХIан-хIа)<br><br>9. Хьоьца нехан ларам хилахь, хьо цкъа а цхьалха хир вац, хьан дуккха а доттагIий хир бу, хьуна вуонехь-диканехь орцахбовла кийча а болуш. «Нахана везарг, Далла а веза». (ХIаъ)<br><br>10. Ларам дешел, детел а безох бу. (ХIаъ)<br><br>11. Нехан ларам хьоьца белахь, хьан дахар хазахетарех дуьзна хир ду хьуна, даим мерза а долуш. (ХIаъ) | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса | 2 мин | Бераш, тахана стенах лаьцна дийци вай? Муха хила беза ларам? И ца хилча вайн дахар | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (къамел). | Регулятивни: шен белхан жамIийн маххадор.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар, кхечуьнга |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | | муха хир ду? | | | ладогІа, кхета хаар. |
| **Рефлекси**<br><br>**Іалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | Дарс чекхдолуш шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хІокху суьртех цхьа сурт.<br> | Хаттаршна жоьпаш ло | Барта (рефлекси). | Регулятивни: шайн белхан маххадор.<br><br>Познавательни: шайн белхан анализ йан, жамІаш дан.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар. |

***ЙУХХЕДИЛЛАР №4***

**ЗАКРИЕВ Іийса. Ларам**

– Баба, со схьавеа, – аьлла, денанна улле, жимачу гӀанта, охьахиира БойсагӀар.
– Вай, марша ва хьо! Ма дика кӀант ву иза! Некъал сехьа хьуо велира хьо?
– ХӀан-хӀа, дада вара соьца, – дӀа-схьа а хьаьжна, лохха элира кӀанта.
– Вай, ма дика ду иза! Кестта локъамаш схьайевр йу. Хьо схьавале аьлла, Іуьйрре пеш латийра ас. Бабин локъамаш йезий хьуна?
– ЧӀогӀа йеза-а, – самукъане дахдира БойсагӀара. – Баба, вай лулахой Сулим, Хьамзат, Муслим хьала ма гӀевттира, дадас шайга «Ассаламу Іалайкум», аьлча. Уьш хьала хӀунда гӀевттира?
– Ларам бу-кх иза, Дога. Адаме болу ларам.
– Сан да лору цара?
– Х1аъ, лору. Царна иза дика, оьзда, хьанал стаг хета. Шайх терра. Цундела гӀевттина.
– Иза дика а, оьзда а ца хилча, хьалагӀовттур бацара уьш?
– ГӀовттур бара. Делахь а, цабевлла, дог а ца догӀуш. Иза гуш а хир дара.
– ТӀаккха со хьанна хьалагӀатта веза?
– Хьайл баккхийчарна массарна а гӀатта веза. Цкъа хьалха маршалла хатта а деза, Іуьйре, де дика а деш.
– ТӀаккха хӀун хир ду суна?
– Нахана гур ду, ахь шаьш лорий, тӀаккха цара хьо а лорур ву.
– Ас хӀун до церан ларамах? Ас хӀун дийр ду цунах?
– Э-э, Дога, ларам – иза доккха хьал ма ду. Хьоьца нехан ларам хилахь, хьо цкъа а цхьалха хир вац, хьан дуккха а доттагӀий хир бу, хьуна вуонехь-диканехь орцахбовла кийча а болуш. «Нахана везарг, Далла а веза», – олуш ма ду халкъалахь.
– Дехьарчу урамера Дукина а хьалагӀатта веза со? Цо цкъа а суна кампет ма ца йелла.
– Дера веза. Иза воккха ма ву.
– Нийса-м хир дара, ас ша лара а лерина, хьалагӀаьттича, цо суна цкъа мукъана а кампет йа морожни йелча.
Баба, гӀадйахана йелайелира.
– Дога, ладогӀалахь хьайн Бабига, цкъа а диц ма делахь: ларам дешел, детел а безох бу хьуна. Нехан ларам хьоьца белахь, хьан дахарехь дуккха а морожнеш, кампеташ а хир йу хьуна. Хьан дахар хазахетарех дуьзна хир ду хьуна, даим мерза а долуш, бабин кӀант.

**3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цӀе йолчу урокел арахьарчу гӀуллакхан 7-чу занятин конспект**

**Тема:** Йоьшу, жамӀаш а до.

**Іалашо:** Исбаьхьаллин текст йеша а, цунах кхета а Іамор; текст талларан хаарш кхиор.

**Іалашонаш:**

- **Дешаран:** йукъадиллинчу масалца догIуш, йешначу говзарх барта а, йозанан  доцца хетарг кечдан хаар.
- **Кхиаран:** ойла йар довзийта хаийта, йешна тексташ йиийцаре йечу хенахь синхаамаш гайтар;

  **Кхетош-кхиоран:** этически кхетамех кхетар, исбаьхьаллин говзарийн турпалхойн амалийн а, леларийн а маххадор.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Iалашо:** хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар, дарсана кийча хилар толлуш.<br><br>Тема а, Iалашо а йовзийтар. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогIар а, Iаморан тIедилларх кхетар а.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтохар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>**Iалашо:** дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | - Бераш, тахана цхьа тамашийна дарс ду вайн. Уггар а дикачу доттагIех дуьйцур ду вай – книгех.<br><br>Книги тIехь дуьйцу тийна, амма шера, кIордор доцуш. Цуьнца кест-кеста къамел де аш, хьекъале хир ду шу. | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло | Барта (къамел). | Регулятивни: дозуш доцуш маххадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар.<br><br>Личностни: кхуллу Iаморна мотиваци.<br><br>Познавательни: шайн хаарийн системехь лелар, дIабеллачу хаамашца догIуш долу гIуллакхийн план хIоттор.<br><br>Коммуникативни: хаам тIеэца а, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала а хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | - Вайх хIоранна а шен-шен йезаш, къастийна йолу книга йу.<br><br>- Ткъа хIунда йу иза йезаш? Книги тIехь хаза суьрташ ду, дукхадеза туьйранаш ду, шуна дIайоьшуш йолу байташ йу.<br><br>- Хьанах йа стенах лаьцна йу книга? Книга хила тарло акхаройх, ловзочу хIуманех, туьйранан турпалхойх лаьцна.<br><br>- Ткъа хIун хазахета книгана? ХIинца ловзур ду вай. Ас хаттар лур ду, ткъа аш хIаъ йа хIан-хIа жоп лур ду.<br><br>- ХIун хазахета книгана?<br><br>- Мужалт? - ХIаъ!<br>- Боьха куьйгаш? - | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | ХIан-хIа!<br>- ДогIа а, ло а? - ХIан-хIа!<br>- Сема дог-ойла? - ХIаъ!<br>- Схьаийна хилар? - ХIаъ!<br>- ЦIена куьйгаш? – ХIаъ!<br>- Лаьттахь Iуьллуш?<br>- ХIан-хIа!<br>- Латар? - ХIан-хIа!<br>- Книгийн терхи тIехь Iаш? - ХIаъ!<br>- Хаарш долу йешархой? - ХIаъ! | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Iалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | - Книгина хIун деза а, иза муха лело йеза а хаьа шуна. Ткъа хIинца вай майрра дIадолор ду цхьана киншкин агIонаш тIехула некъ бан.<br><br>Ткъа муьлха новкъа довлу вай? Вай дера довлу Нохчийн гIиллакхаш долчу новкъа. Муьлха гIиллакхаш девза шуна? Ткъа | ЛадугIу, кхочушдо хьехархочун тIедиллар.<br><br>Шайна хетарг дуьйцу.<br><br>Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор, тIедиллар, маслаIат).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогIар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хIотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дIанисбан хаар, шайн белхан жамIийн маххадор.<br><br>Личностни: кхолламаллин хьуьнарш, фантази кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | цхьаццадерш вайн карор ду Халикова Асета йаздинчу «ЦIен ши ведар» цIе йолчу дийцарехь. ТIехьовса шайгахь йолчу тексте. (Цкъа хьехархочо йоьшу, тIаккха берашка болх бойту).<br><br>1.Муха хьехар до бабас, шега ладогIа тIегулделлачу берашна? Схьа а лахий дIайеша и кисак. Муха кхета шу цунах? (Варийлаш, нахе шайна дош ма алийталаш! Мел дика цIе а хьоьгара даьллачу цхьана вуочу хIумано йожайо. Диканиг массарна а шайн ву ала лаьа, ткъа вуониг цхьанна а ца веза).<br><br>2. Хьалха шаьш хи | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | муха кхоьхьура боху бабас? (Шовдан тIера дохьура хи йа лула-кулахь гIу йолчаьргара дохьура).<br><br>3. Муьлха ведарш дара бабин нанас цунна эунарш? (ЦIен ши ведар).<br><br>4. Лулара йоккхастаг йолчу хIунда йахийтина иза нанас? (Цунна хи эцна).<br><br>5. Нехан къайлахь долчу хIумане хьоьжу бIаьрг жоьжагIати чу хьоьжу бохучух кхетий шу?<br><br>6. Йоккхастаг йижана гича, хIун дира цо? (шен ши ведар охьа а хIоттийна, керт ша ма-хиллара дIа а къевлина, | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | дIайахара).<br><br>7. Шена хи дохьуш деъна ведарш йуха муха деара бабас? (ши ведар дуьззина шен кертара цIазамаш а дохьуш, йеана хиллера лулара баба).<br><br>8. Хьан сий мел хили а, хьо волчийн сий хуьлу, ткъа хьан сий дайча, хьо волчийн а корта охьабоьду. Муха кхета шу оцу дешнех?<br><br>9. Дахарехь уггар коьртаниг хIун ду боху бабас? (ГIиллакх). | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | Бераш, хазахийтирий шуна дийцар? ХIун дара цу йуккъехь шуна уггар хазаделларг? Муьлха гIиллакхаш | Хаттаршна жоьпаш ло, шайна хетарг олу. | Барта (къамел). | Регулятивни: шен белхан жамIийн маххадор.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар, кхечуьнга ладогIа, кхета хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | девзи вайна? | | | |
| **Рефлекси**<br><br>**Іалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | **«Мила ву самукъане?».**<br><br>Шайн дог-ойланца догІуш долу сурт къастаде.<br><br><br> | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (рефлекси). | Регулятивни: шайн белхан маххадор.<br><br>Познавательни: шайн белхан анализ йан, жамІаш дан.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар. |

***ЙУХХЕДИЛЛАР №5***

**ХАЛИКОВА Асет. ЦІен ши ведар.**

– Дукха даха шу! Вай бабина диса шу, ма дика бераш ду уьш! Дала тхан бІаьрга гайтина халонаш ма гойтийла шуна, – олуш, бабас шен къамел долийча, бераша гуо бира цунна. – Баба а ма йара цхьана хенахь шу санна жима а, ловза лууш а. Ловза а лаьара, нанас гІуллакх ден аьлча, оьгІаз а оьхуш. Суна хаьа шуна а иштта хетий. Жимма хало хиларх, хІумма а хир дац цхьанна а. ГІуллакх дина аьлла, делла адам хилча-м, и со хир йара. Варийлаш, нахе шайна дош ма алийталаш! Мел дика цІе а хьоьгара даьллачу цхьана вуочу хІумано йожайо. Диканиг массарна а шайн ву ала лаьа, ткъа вуониг цхьанна а ца веза.
Иштта цхьа суьйре йар-кха иза, нанас луларчу йоккхачу стагана хи эций гІуо аьлла, со чу кхойкхуш. Шун хеннара йара со цу хенахь. Сайн садаллал ловза лууш йоллушехь, нанна сайн дог ца хоуьйтуш, берашка со сиха схьайогІу аьлла, со чу йахара.
Хьалха, хІинца санна, чохь-арахь догІуш хи ма ца хуьлура. Шовдан тІера дохьура хи йа лула-кулахь гІу йолчаьргара дохьура.
ЦІен а долуш, жима ши ведар дара сан нанас эцна. ЧІогІа хьоме дара суна и ши ведар. Уьш кагдаларна кхоьруш, царна чохь ах бен хи а ца хьора ас. Уьш дуьлуш царна шайнна лелош горгам а йара сан-м, цІен бос болчу тишчу кучах йаьккхина лелош. Ткъа дилина йаьлча, ІиндагІехь бен дакъа а ца долуьйтура ас сайн ведарш, малхехь уьш басадовларна кхоьруш. Хи а хьош, серех йуьйцинчу кертана чухула куьг а тесна, ринжа (калитка) дІа а даьстина, со чоьхьайаьлча, баба наб кхетта карийра суна. «Суьйре дика йойла хьан, баба!

Нанас хьуна хи дохьуш йаийтинера со», – аьлла, маситтаза со кхайкхича а, дуьхьал йист ца хилира иза. Цхьа наггахь цо хар деш-м хаалора. Иштта а халла лелаш йолу и пекъар самайаккха цунах къа а хетта, неІарехь жимма сацайелира со, и ша самайаларе ладоьгІуш. Йуха а ойла йира тІаккха: шен чохь наб кхетта Іачу йоккхачу стеган чу а йахна, цунна тІе а хІоьттина латтар ма товш хІума дац-кха, аьлла. Делахь а, хи охьадотта дезара сан. Ткъа цуьнан хІусаме чу а йаьлла, цуьнан чохь хи охьадутту бохуш лелар а нийса дацара, хІунда аьлча, дукха жима йолуш хезна дара суна, нехан къайлахь долчу хІумане хьоьжу бІаьрг жоьжагІати чу хьоьжу аьлла.
Дуьсуш дерг – сайн ши ведар охьа а хІоттийна, керт ша ма-хиллара дІа а къевлина, со дІайахар дара. Ткъа и муха дийр ду бохучу ойлано дІа ца хоьцура со. Бабина-м хуур дара ши ведар хьенан ду. Даима а сан ши ведар хаза ду, ткъа йоІ кхин а хаза йу олуш хуьлуш йара и соьга. Сел сайна хьоме долу ши ведар дитина со дІайодахь, цу шиннах йала а тарло боху ойла йара сан садууш. Делахь а, бабина гуш а доцуш, цуьнан хІусам чохь со дІасахьийзар нийса хІума ца хийтира суна. И сайн хьоме ведарш латта а дитина, со ц1а йаха арайелира.
Арахь, сайга бераша ловза д1акхайкхича а, цаьрга куьг а ластийна, дІайахара со. Цу буса дукха Іийра со наб ца кхеташ, ойланаш йеш. Ша самайаьлча бабас, хи охьадуттуш, буйнара хеца а делла, кагделла хьуна и сан ведарш бохуш. Йуха, бабагІаьрга цуьнан йоьІан бераш а даьхкина, царна сан ши ведар хазделла, цара уьш дІадаьхьна сурт хІоьттира дуьхьал. Иштта со ойланаш йеш Іаш, муха кхета а ца хууш, суна наб кхийтира.

Іуьйранна тхайн чохь дечу къамело самайаьккхира со. Сан ши ведар дуьззина суна шен кертара цІазамаш а дохьуш, йеана хиллера лулара баба. «Дукха йаха хьо, мел дика йоІ йу хьо», – бохуш, дукха хьистира со бабас.
Сайн ши ведар цІадерзарал сов, суо хасторал сов, суна сайн нанна со хасторах там хилар хаза хийтира. Хьан сий мел хили а, хьо волчийн сий хуьлу, ткъа хьан сий дайча, хьо волчийн а корта охьабоьду. И сайн нана бІаьргашна хьалхара кхин дІа ца йолуш, со бахьана долуш цуьнан корта охьабахарна кхоьруш, йаха а йехира со дуьненчохь.
Ткъа хІинца со ма йу баба. Гой шуна, иштта суо къанлур йу моьттуш йацара со. Цундела шен сий лардеш, воккхачуьнца гІиллакхе,

кегийчаьрца къинхетаме хила веза. ГIиллакхо бен адам сийлалле кхачор дац. Ткъа сий – иза уггар боккха бахам а, уггар деза хIума а ду вайн дахарехь.

## 3-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 8-чу занятин конспект

**Тема:** Йоьшу, жамIаш а до.

**Iалашо:** Исбаьхьаллин текст йеша а, цунах кхета а Iамор; текст талларан хаарш кхиор.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йукъадиллинчу масалца догIуш, йешначу говзарх барта а, йозанан доцца хетарг кечдан хаар.
- **Кхиаран:** ойла йар довзийта хаийта, йешна тексташ йиийцаре йечу хенахь синхаамаш гайтар.
- **Кхетош-кхиоран:** Iаламаца кхоаме хилар, текстashкахь гайтина йолу адамийн а, дийнатийн а йукъаметтигийн чолхаллех кхетар.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Iалашо:** хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | 1 мин | Дешархошка маршалла хаттар, дарсана кийча хилар толлуш.<br><br>Тема а, Iалашо а йовзийтар. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогIар а, Iаморан тIедиллархь кхетар а.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтохар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар.** | 5 мин | - Бераш, вай тахана кхидIа а дIахьур ду | Хьехархочун хаттаршна | Барта (къамел). | Регулятивни: дозуш доцуш махкадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Йуьхьанцара хаарш карладахар.**<br><br>**Iалашо:** дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | | дикачу а, вочу а амалех лаьцна долу къамел, кхидIа а болх бийр бу вай йешар тIехь, цхьаьна а, тобанца а болх бийр бу, доттагIаллех лаьцна къамел а дIахьур ду вай.<br><br>- Бераш, вайна тахана девзар ду («Ши накъост») цIе йолу туьйра.<br><br>- Мила ву оцу произведенин автор? (Л.Н. Толстой).<br><br>Л. Н. Толстой оьрсийн йаздархо ву. Берашна лерина дийцарш а, туьйранаш а, басняш а йазйина цо. | жоьпаш ло | | вовшахтохар.<br><br>Личностни: кхуллу Iаморна мотиваци.<br><br>Познавательни: шайн хаарийн системехь лелар, дIабеллачу хаамашца догIуш долу гIуллакхийн план хIоттор.<br><br>Коммуникативни: хаам тIеэца а, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала а хаар. |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Iалашо:** берашна керла коьчал карайерзор | 30 мин | Дикка ладогIа Л. Толстойн «Ши накъост» туьйране.<br><br>Стенах лаьцна хир | ЛадугIу, кхочушдо хьехархочун тIедиллар. | Барта (кхетор, тIедиллар, маслаIат).<br><br>Практически (суьрташдаккхар, йоза, | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогIар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| вовшахтохар | | ду аьлла хета шуна иза?<br><br>- уьн тIе жоьпаш йаздар.<br><br>Тексте дикка ла а догIий, уьн тIехь йаздинчарна йукъара маьIница догIу дош схьахаржа.<br><br>- СоцунгIаш йеш текст йешар.<br><br>УьнтIехь дIайаздинчу жоьпашца богIуш нисбелин туьйранан чулацам?<br><br>- Хазахийтира шуна произведени? ХIунда?<br><br>- Муьлха дешнаш догIу туьйранца? (кIилло (трусость), майралла (храбрость).<br><br>- «Цхьаъ дIаведда» | Шайна хетарг дуьйцу.<br><br>Хаттаршна жоьпаш ло. | проектировани).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хIотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дIанисбан хаар, шайн белхан жамIийн маххадор.<br><br>Личностни: кхоллараллин хьуьнарш, фантази кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | бохучу дешнийн маьIнех муха кхета шу?<br><br>- «Лаьтта охьавоьжна?» (охьавоьжна, лаьттахь Iуьллу)<br><br>- Муьлш бу туьйранан турпалхой?<br><br>- ХIун хилла кIенташна хьуьнхахь?<br><br>- ХIун дира хьалхарчу кIанта? ШолгIачо?<br><br>(Хьалхарчо шен доттагI балехь витина, шолгIачо гайтина майралла, собар, доьналла).<br><br>- КIентех накъостий, доттагIий ала мегар ду аьлла хетий шуна? | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | - ХIунда дац? (балехь доттагI цкъа а ма вита).<br><br>- Ткъа ишттачу хьолехь хьо муха лелар вара?<br><br>- ХIунда тиллина Л.Толстойс туьйранна «Ши накъост» цIе? (велакъежаш, ироница, иштта хуьлу доттагIий!?, хьалха доттагIий хилла уьш, амма баланехь гучуделира и доттагIалла бакъдоцуш хилар).<br><br>Тобанашца бох байтар.<br><br>Текст йеша. Схьалаха текстехь кIенташа вовшашца къамел деш йолу меттиг.<br><br>КIентийн дешнаш билгалдаха, уьш | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | ролашкахь деша кечам бе.<br><br>Ролашкахь йешйитар.<br><br>- Хьанах олу вай доттагІ?<br><br>- ДоттагІ - мила ву иза?<br><br>(хьо санна, хьоьх терра, хьуна орцахвала кийча верг. ДоттагІалла адамийн вовшашца ларамна а, безамна а тІехь латтташ йолу марзо йу).<br><br>- Хьанах ала мегар ду бакъволу доттагІ? (балехь хьо цхьалха ца вуьтуш, синхаам, дика дог-ойла гойтуш, девнех, мостагІаллех ларлуш верг).<br><br>- ДоттагІаллех лаьцна муьлха | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | кицанаш девза шуна?<br><br>- Муьлхачу стагаца доттагІалла лело луур дара шуна, хІунда?<br><br>Кхоллараллин тІедиллар «Туьйранан доттагІий».<br><br>«Хьайн доттагІ вацахь, лаха, карийча, цуьнан дола де».<br><br>Ойла йе, дийца хІун дийр дара аш гІарабевллачу берийн туьйранийн турпалхошца доттагІалла таса? | | | |
| **ЖамІаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Іалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | - Хьанах лаьцна ду хІара туьйра?<br>- Мила ву цуьнан автор?<br>- ХІун хьоьху вайна оцу произведенино? | Хаттаршна жоьпаш ло, шайна хетарг олу. | Барта (къамел). | Регулятивни: шен белхан жамІийн маххадор.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар, кхечуьнга ладогІа, кхета хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | - ХIун хазахийтира шуна дарсехь? | | | |
| **Рефлекси**<br><br>**Iалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | **Прием «ХIун хир дара...?»**<br><br>Шена чулоцу рефлексин муьрехь хаттарш йукъадало, уьш дIадолало дешнашца: «ХIун хир дара нагахь санна...?» Оцу хаттарша аьтто бо дешархойн проблеме керлачу кепара, кхечу агIор хьажа, хиламаш кхиорна шайн дог-ойла, шайн гипотезаш хьалха хIитто, цуьнца цхьаьна ша-шех къамел даран зеделларг шордеш, | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (рефлекси). | Регулятивни: шайн белхан маххадор.<br><br>Познавательни: шайн белхан анализ йан, жамIаш дан.<br><br>Коммуникативни: шен ойланаш, синхаамаш схьабийца хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | дешархошкахь гипотетически ойла кхиорна гIо деш. (ХIун хир дара нагахь санна вай и туьйра ца дешнехь, туьйранера турпалхо вада ца веддехь, чано кIант дIавиънехь?... | | | |

**Толстой Лев. Ши накъост.**

Ши накъост хилла хьуьнахула вогIуш. ЦIаьххьана ча тIехьаьдда цу шинна. Цхьаъ дIаведда, дитта тIе а ваьлла, дIалечкъина, ткъа важа некъа тIехь висна. Дан хIума ца хилла – лаьтта охьа а воьжна, ша велла ву моттийтина цо.
Ча цунна тIе а йеъна, хьожа йаха хIоьттина: стага-м садеIар а сацийна.
Ча, хIокхуьнан йуьхьах хьожа йаькkхина йаьлча, хIара велла ву а моьттина, дIайахна.
Ча дIайахча, накъост, дитта тIера охьа а воьссина, вела хIоьттина.
– Дийцал, – аьлла цо, – хIун бохуш йара и ча хьан лерехь?
– Цо соьга, дера, бохура, кхерамехь накъостий а битина, бовдуш берш ледара нах бу, – жоп делла вукхо.

